

# PWA VELVET

*Mucuna pruriens* Syn. *M. deeringiana*

Fanmi Fabaceae

## FICH TEKNIK ECHO

**DESKRIPSYON** – Pwa velvet soti nan peyi Lachin ak Es peyi End, se la yo te premye kiltive-l tankou legim.

**ITILITE** – Velvet se yon pwa ki gen anpil valè nan asosyasyon ak mayi, reabilitasyon tè ki pa rann, epi kontwol move zeb. Li pwodwi lyann 10-25 pye longè ou plis, li kreye yon kouveti dans pou tè-a, sa pemet yon bon payaj ki elimine move zeb tankou gore, zeb bemid, zeb enperata. Pwa velvet se yon legim enpotan nan fikse azot nan tè. Pifò azot-la rete nan tè-a menm lè gous yo rekolte oubyen bet manje fey yo. Souvan nou bay bef ak mouton manje gous yo; kochon tou manje-l depi li pa depase 25% dyet-la. Poul pa alez ak li. Nou ka rekolte lyann yo pou prepare fwen, oubyen melanje ak mayi tankou ansilaj. Pwa velvet repite kom plant ki repouse nematod lè li plante pou rotasyon, menm lè li pa rezistan a nematod li-menm. Pwa velvet retire pwodwi chimik ki nosif nan tè-a tou.

**VARYETE** – varyete 90 jou-a pi popilè, li fè flè nenpot lè, li pwodwi semans nan 90 jou, men li mwens vigoure. Tip twopikal-la manke pwal grate-a ki sou gous tout lot velvet yo, anplis li pwodwi semans nan jounen kout. Velvet touf-la pa grenpe epi li mwens vigoure.

### KILTI -

- **Altitud-** 0-1500m (5000 pye)
- **Lapli-** tolere sechres
- **Sol** – Li tolere sol fertilite ba, asidik; pa byen grandi nan fredri ni tè mouye.
- **Tanperati:** Li sansib a tan jele
- **Limyè:** gwo soley

Pwa velvet byen vini nan zonn ki gen gwo soley ak anpil lapli. Pwofondè plantasyon grenn nan se 2.5 sm (1 pous), ak 30-75 sm (1–3 pye) distans. Menm lè se pa nesesè, inokilasyon semans yo amelyore jèminasyon. Pwa velvet polinize tet li.

Si nou fè asosyasyon velvet ak mayi, pwa-a dwe plante byen vit apre mayi-a pou jwenn kwasans maksimal velvet-la, epi pou li gentan kontwole zeb yo. Nou rankontre ka kote rat itilize lyann velvet yo pou grenpe manje mayi k'ap donner yo. Espesyalman nan tè fètil, pwa velvet grandi vit, nan ka sa nou kapab taye lyann yo pou retade vites-la.

**REKOT AK PWODIKSYON SEMANS** – Plant-la mouri apre li fin fè grenn, nou ka itilize grenn sa yo pou replante ane k'ap vini.

**PES AK MALADI** – Plant sa pa gen twop pwoblem ak ensek. Nan sezon lapli kalmanson konn andomaje kek plant. Lapen, fwomi fey, ak igwàn se pes plantasyon velvet.

**KONSOMASYON AK NITRISYON** – Anpil kote nan lemond moun manje fey pwa velvet ak gous yo. Pwa velvet kri gen 27% pwoteyin epi li rich nan vitamin ak mineral. Malgre-sa anyen pa bay garanti total moun ka manje pwa velvet san danje. Pwa-a pwodwi nan gran kantite yon sibstans ki rele L-dopa (7%), nan ka konsomasyon ekstrem li kapab lakoz spasm vyann oubyen twoub kadyak. Si doz la ba, li ka lakoz noze ak konfizyon lakay kek moun. Pou prepare pwa-a, bouyi li pandan 45-60 minit, jete dlo-a, ajoute dlo pou pwa-a bwè, epi jete dlo sa anko. Pou plis prekosyon komanse manje yon ti posyon avan.